


Alkitab kanggo murangkalih
Nyanggakeun

Opat Puluh
Taun



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
Janie Forest, Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: Lyn Doerksen


Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2023 Bible for Children, Inc.


Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.






Kantos Gusti nyalametkeun urang Israil
ti Mesir, Musa mingpin umatna ibadah.
Anjeunna ngarang tembang pamujaan.
"Kuring bakal nyanyi ka GUSTI sabab
Mantenna parantos meunang gumawang."
Musa nembangkeun sagala rupi anu hébat
nu Gusti geus jadikeun pikeun Israil.

HALELUYA!
KAMULIAAN
KA GUSTI!





Sanggeus tilu poe ngumbara di
gurun keusik, jalma-jalma nu haraus
manggihan balong. Tapi aranjeunna
teu tiasa nginum cai pait. Kedahna
mah ngadoa, tapi jalma-jalma eta
malihan ngadumel.

Gusti teh sae pisan.
Anjeunna ngadamel cai
anu saé pikeun diinum.






Sigana jalma teh ngadumel kana sagala hal. "Kami boga dahareun di Mesir. Di gurun keusik kami bakal maot kalaparan," maranehanna ngagorowok. Peuting harita Gusti ngutus manuk nu disebut puyuh. Jalma-jalma gampang pisan newakan eta manuk.




Isukna Gusti ngirim manna. Ieu teh sarupaning roti anu rasana kawas kueh wafer madu. Unggal isuk manna ngagolér dina taneuh pikeun dikumpulkeun.




Ku cara kieu Gusti nyekapan kadaharan umat-Na di gurun keusik.



Aranjeunna kedah percanten ka Gusti yen unggal dinten disayogikeun tuangeun anu énggal. Tapi sababaraha urang ngumpulkeun sesa manna, sanajan Gusti tos nyarios eta sapeuting ge bakal busuk.



Tangtu pisan, manna kamari teh pinuh ku bilatung
- iwal dina Sabat. Dina eta poe katujuh jalma-
jalma reureuh sareng dahar manna kamari.




Allah ngajaga
urang Israil di
gurun keusik.

Anjeunna masihan
aranjeunna tuangeun
sareng cai - sareng ngajagi
aranjeunna tina musuh.


Nalika urang Amalek
narajang, urang Israil
tetep meunang perang
satungtung Musa
ngangkat tongkat
GUSTI.





Allah nimbalan ka urang Israil, "Lamun maraneh nurut kana sora Kami, maraneh bakal jadi umat Kami anu istimewa." "Sagala timbalan Allah, urang bakal laksanakeun," ceuk jalma-jalma ka Musa. Aranjeunna sumping ka suku Gunung Sinai sareng ngantosan nalika Musa angkat ka Gusti.





Opat puluh
poé Musa
sasarengan
Gusti di
gunung. Gusti
nuliskeun
Sapuluh
Paréntah dina
dua papan batu.
Anjeunna
nerangkeun ka
Musa kumaha
umat-Na kedah
hirup teh.



1. "Maneh ulah boga allah sejen saméméh Kami."

2. "Ulah nyieun atawa sujud ka brahala."

3. "Ulah nyebut jenengan GUSTI kalawan sia-sia."

4. "Inget poe Sabat, kudu dijaga kasucianna."

5. "Hormat ka bapa tur ka indung."



6. "Ulah maehan."


7. "Ulah zinah."

8. "Ulah maling."

9. "Ulah bohong."


10. "Ulah
mikahayang."





Waktu Musa jeung Allah
di Gunung Sinai, urang
Israil ngalakukeun
ihwal pikareueuseun.
Maranehna
marentahkeun Harun
nyieun hiji patung
mangrupa anak sapi
tina emas -- sarta
maranehna nyembah eta
patung gaganti Gusti.
Gusti kacida benduna.
Kitu deui Musa.






Nalika Musa ningali patung anak sapi jeung jalma-jalma nari sabudeuranna, anjeunna ngaremukkeun papan-papan batu ka taneuh. Dina ambekna Musa ngancurkeun patung emas eta. Jalma jahat anu nyembah ka patung dipaéhan.



Gusti ngagentos dua papan
batu eta. Mantenna nitah
Musa pikeun ngawangun Kemah
Suci - hiji k mah ged  jeung
pager sabudeureunana - tempat
Gusti bakal hirup jeung umat-Na.
Aranjeunna kedah nyembah ka
Gusti di dinya. Tihang awan
jeung seuneu nuduhkeun
y n Gusti aya jeung
maran hna.



Nalika aranjeunna ngadeukeutan Kanaan, Musa ngutus dua belas mata-mata pikeun ningali tanah anu dijangjikeun ku Gusti ka umat-Na. Sarerea sapuk éta tanah sae pisan! Tapi ngan duaan, Yosua jeung Kaleb, percaya yén maranéhna bisa nalukkeun nagri éta kalayan bantuan Gusti.




Sapuluh mata-mata lianna sieun
ku kota-kota anu kuat jeung
aya raksasa di tanah eta.


"Kami henteu tiasa nyandak
tanah," saur aranjeunna.

Maranéhna
mopohokeun
hal-hal gedé nu

geus dilakukeun
ku Gusti pikeun
nyalametkeun
maranéhna ti Mesir.



Jalma-jalma nuturkeun sapuluh mata-mata anu henteu percaya. Maranéhna ceurik baris beberengkes mulang ka Mesir. Aranjeunna malah nyoba maehan Musa!



Gusti nyalametkeun kahirupan Musa. Geus kitu Anjeunna ngadawuh ka jalma-jalma eta, "Maraneh bakal ngumbara di gurun keusik salila opat puluh taun. Ngan Kaleb, Yosua, jeung anak-anak maraneh anu bakal hirup asup ka tanah anu ku maraneh dihina."



Opat Puluh Taun


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Kaluaran 15 nepi ka Nomor 14

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130





Rengse



12



60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

